

Rezime Egzekitif



Elèv sila yo ki genyen konesans sou afè sante, ki genyen aksè nan swen sante ak sèvis sipò, e ki kapab aplike konpòtman ki bon pou sante, kapab angaje yo pi fasilman nan pwosesis aprantisaj la. Otremandi - elèv ki pi an sante kapab aprann pi byen.¹ Nan yon ane skolè kote ke nou te fè fas ak yon kriz sante piblik mondyal ki te genyen yon gwo enpak sou kominote lokal nou an, li esansyèl pou n pran tan pou n egzamine kòman nou pran angajman nou nan domèn regleman ak pratik byenèt, kòman nou te adapte nou a defi pandemi COVID-19 la, ak kòman nou pral devlope tout apwòch ki te arive reyisi yo plis, dekwa pou n kapab ede lekòl nou yo retounen, rekipere, e reyimajine yon meyè fason pou n avanse. Nou dwe pran swen byenèt ak devlopman fizik, sosyal, e emosyonèl elèv nou yo, pou n onore e bati sou kalite kiltirèl e kominotè rich ke yo menm ak fanmi yo pote nan lekòl nou yo, e devlope konesans yo, konpetans yo, ak efikasite yo pou yo reyisi pandan yo alarechèch yon vi ki ranpli avèk bòn sante ak kè kontan.

Lekòl Piblik Boston (BPS) ap fè efò pou l devni youn nan distri skolè ki pi an sante nan peyi a. Objektif nou se ankouraje byenèt fizik, sosyal, e emosyonèl tout elèv nan yon fason aktif pou soutni yo nan devlopman sante yo ak preparasyon yo bezwen pou yo ka aprann. BPS vize kreye divès anviwònman aprantisaj ki an sekirite, an sante, e ki soutni elèv yo, pou tout elèv, nan tout sal de klas, nan tout lekòl. Regleman Byenèt Okonplè Distri nou an founi yon plan daksyon pou mete objektif sa a sou pye.

Regleman Distri a sou Afè Byenèt konpoze de uit domèn regleman : 1) Konpetans Kiltirèl, 2) Sèvis Manje ak Nitrisyon Lekòl yo, 3) Aktivite Fizik ak Edikasyon Fizik Okonplè, 4) Edikasyon Sante Okonplè, 5) Lekòl ki an Sekirite e ki Soutni Elèv yo, 6) Sèvis Sante, 7) Anviwònman Skolè ki an Sante, ak 8) Byenèt Manm Pesonèl yo.

Rapò anyèl kantitatif sa a detaye divès dekouvèt selon chak domèn regleman pou ane skolè 2019-2020 an, nan fason l konpare ane presedan yo, lè sa posib, ak nan fason l souliye divès reyisit ak defi. Avan ke rapò a egzamine chak aspè regleman an, li egzamine depre fonksyonalite konsèy byenèt distri a ak konsèy byenèt lekòl patikilyè yo (school wellness council - SWC). Rannman elèv yo ki anrapò avèk konpòtman, pèsèpsyon, ak atitud anvè lasante, ak frekansite obesite (kondisyon twò gra) ak azma (opresyon) nan tout distri a, prezante nan fen rapò a. Rapò a konkli avèk yon diskisyon sou dekouvèt yo ak rekòmandasyon yo pou meyè enplemantasyon regleman sou afè byenèt.

Konsèy Byenèt Distri a (DWC) soumèt rapò sa a bay Sipèentandan Lekòl yo ak Komite Skolè a, konfòm a egzijans rapò anyèl Standa Massachusetts pou Konsèy Byenèt Lekòl yo, epi l ap soumèt li bay Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a (DESE) kòm pati egzijans rapòtaj la pou odit DESE fè sou Depatman Sèvis Manje ak Nitrisyon an.

¹ Basch, C.E., 2011. Elèv ki pi an sante aprann pi byen : Yon koneksyon ki manke nan refòm lekòl yo pou redui mankman nan afè reyisit. *Journal of school health*, 81(10), paj 593-598.

Dekouvèt yo Selon Domèn Regleman yo

Seksyon Konsèy la :

- Fonksyonalite Konsèy Byenèt Lekòl yo : 85% nan lekòl yo te soumèt yon Plan Daksyon sou Afè Byenèt (« WAP ») (yo te soumèt 106 WAP) ; 65% te idantifye ko-prezidan pou konsèy yo pou asire kowòdinasyon konsèy yo, e 94% te delege kèk etap daksyon (kèk mezi) bay plizyè manm pou devlope pataj lidèchip ak angajman nan travay konsèy la ; 76% te idantifye divès objektif ki presi, mezirab, aksyonab, reyalis, e ki kwonometre ("SMART").
- Yo te wè yon rediksyon nan kantite konsèy k ap travay sou objektif Konpetans Kiltirèl yo. Byenke tout lekòl dwe genyen kèk objektif Konpetans Kiltirèl nan QSP yo (Plan Kalite Lekòl la), nou ta espere wè plis objektif Konpetans Kiltirèl (CP), pi patikilyèman nan WAP la (Plan Daksyon pou Byenèt la), espesyalman etandone ke patisipasyon fanmi yo ak elèv yo nan konsèy byenèt yo si tèlman ba.

Konpetans Kiltirèl :

- Nesesite pou ogmante patisipasyon fanmi ak elèv nan konsèy byenèt yo : 4 lekòl te angaje reprezantan elèv yo, e 14 lekòl angaje avèk reprezantan fanmi yo. Senkant pousan nan dirijan skolè yo te rapòte ke yo te angaje fanmi elèv yo pou ede yo devlope, oswa mete sou pye, kèk regleman ak pwogram ki anrapò avèk sante lekòl yo pandan dezan ki sot pase yo.
- Tout lekòl ak depatman biwo santral la ap enkòpore kèk objektif pou kore enplemantasyon Regleman OAG a (Biwo pou Rediksyon Mankman nan Opòtinite ak Reyisit) ak CLSP a (Pratik ki Kore Kilti ak Lang Elèv yo) nan tout distri a.
- Standa ak pratik Konpetans Kiltirèl ak pwotokòl ekite ap kontinye deplwaye toupatou nan distri a atravè fòmasyon santralize ak devlopman pwofesyonèl nan lekòl yo ; 79% nan dirijan lekòl yo te rapòte ke tout manm pèsònèl yo te resevwa fòmasyon pandan dezan ki sot pase yo ki te abòde kesyon pwoblèm ekite nan rannman edikasyon elèv koulè yo ; sepandan, se sèlman 38% nan dirijan lekòl yo ki te rapòte menm bagay la pou fòmasyon pou kreye yon anviwònman aprantisaj pou kore elèv LGBTQ+ yo (lezbyèn, ge, biseksyèl, travesti, "queer" ak lòt oryantasyon seksyèl ankò) pandan dezan ki sot pase yo (Pwofil 2020).

Pwomosyon Manje ak Nitrisyon Lekòl :

- 100% nan lekòl yo founi manje maten aprè klòch yo sonnen, sètadi aprè lekòl rantre ("Breakfast after the Bell"), ki te ogmante depase 87% ki te dokimante pou ane skolè 2017-2018 la.
- 23% nan lekòl k ap resevwa manje vann (15 pami 66) te konvèti an "My Way Café" (« Manje nan Gou Pa M ») pou yo te kapab founi sèvis manje an gwo, ki prepare fre, sou plas, ki se yon ogmantasyon de 3% parapò avèk ane skolè 2017-2018 la, rive jiska 21% nan tout lekòl yo (Dosye Sèvis Manje ak Nitrisyon yo - FNS).

- Depatman FNS la (Sèvis Manje ak Nitrisyon) ap kontinye amelyore sous manje ak sistèm lokal yo pou planifye e kontwole manje chak lekòl, epi kontinye amelyore aspè kiltirèl manje ki ofri yo pou asire ke yo reflekte popilasyon elèv la.
- Konfòmite a machasuiv nitrisyonèl BPS yo fèb pou manje sila yo ki vann nan distribitè otomatik manje yo ak nan boutik lekòl yo, nan evènman leve fon yo, ak nan ti ba kolasyon yo : 67% nan lekòl yo te rapòte ke manje sa yo pa satisfè machasuiv yo e ke sèlman 47 % nan lekòl yo entèdi lavant manje ak brevaj ki ta mwens nitritiv pou objektif leve fon.
- FNS te reyisi reyòryante l byen rapid pou l te kapab kontinye founi manje bay elèv yo ak fanmi yo kou lekòl te fèmen an mas 2020 ak pandan tout ete a, li t ap pede amelyore modèl li sou baz kòmantè l te resevwa yo pou l te kab atenn elèv nou yo ak fanmi yo.

Aktivite Fizik ak Edikasyon Fizik Okonplè :

- **Edikasyon Fizik** : 90% lekòl k ap sèvi klas matènèl jiska klas 8yèm ane te rapòte ke yo satisfè oswa depase regleman Edikasyon Fizik yo (PE) ki egzije 45 minit PE pa semèn pou chak nivo klas, byenke prèske tout lekòl sa yo genyen manm pèsònèl disponib pou founi kantite egzije sa a. 58% nan lekòl segondè yo rapòte omwen 1 trimès PE pou chak nivo klas ; 75% nan lekòl segondè yo genyen manm pèsònèl disponib pou ofri kèk kou PE, e 33% genyen manm pèsònèl pou satisfè egzijans regleman yo.
- **Rekreyasyon** : Genyen kèk amelyorasyon nan founisman tan pou rekreyasyon pou klas 6yèm jiska 8yèm ane. Nan tout distri a, 83% nan klas 6yèm ane yo, e 77% nan klas 7yèm ak 8yèm ane yo genyen rekreyasyon. Sepandan, se sèlman 42% nan lekòl ki genyen klas 6yèm jiska 8yèm ane yo ki founi yon minimòm 20 minit rekreyasyon chak jou pou nivo klas sa yo. 75% nan lekòl ki genyen klas matènèl jiska klas 5yèm ane yo genyen omwen 20 minit rekreyasyon chak jou, jan regleman an egzije sa, byenke tout elèv ki nan klas sa yo genyen yon kantite tan rekreyasyon chak semèn.
- **Mouvman nan sal de klas yo** : 80% nan lekòl yo rapòte ke tout, oswa plizyè, nan pwofesè yo ap enplemanje poz pou elèv yo fè kèk ti mouvman, osinon kèk leson nan sal de klas yo ki gen mouvman ladan yo.
- Pousantaj lekòl ki rapòte ke yo refize elèv yo PA (aktivite fizik) kòm pinisyon (22%) pa chanje depi ane skolè 2017-2018 ; nou te mete Kòd Konduit la ajou an otòn 2019 pou reflekte langaj ki nan regleman PA la, epi nou te kominike li bay sipèntandan yo ak direktè lekòl yo.
- Biwo Santral la kontinye ap founi sipò solid pou pwogram PE (edikasyon fizik) lekòl yo, ki gen ladan yo konsèy an pwofondè sou ansèyman pou nouvo pwofesè yo ak veteran yo, ansanm ak divès leson, kourikoulòm (pwogram etid), ak ekipman. Ekip OHW PE-PA a (ekip edikasyon fizik-aktivite fizik Biwo Sante ak Byenèt la) te travay avèk pwofesè PE yo pou founi divès leson ak aktivite pou elèv yo fè lakay yo pou pèmèt yo ak fanmi yo bouje kò yo pandan aprantisaj aleka a.

Edikasyon Sante Okonplè :

- **Manm Pèsonèl yo :** Se sèlman 20% nan lekòl mwayèn ak lekòl segondè ki genyen yon pwofesè edikasyon lasante prensipal ke eta a sètifye, lisansye, oswa andose, pou anseye edikasyon lasante.
- **Klas Elemantè yo :** 39% nan tout lekòl BPS ki genyen klas matènèl jiska klas 5yèm ane pa t ofri okenn ansèyman lasante pou elèv ; 36% te founi ansèyman sou lasante nan twa nivo klas, oswa plis, nan klas matènèl jiska 5yèm ane.
- **Klas Lekòl Mwayèn yo ak Lekòl Segondè yo :** 42% nan lekòl k ap sèvi klas lekòl mwayèn ak klas lekòl segondè pa t egzije pou elèv yo pran okenn kou edikasyon sante ; li te mwens pwobab pou lekòl klas jadendanfan K jiska 8yèm ane yo ak lekòl mwayèn yo egzije okenn kantite ansèyman edikasyon lasante (55%), e li te pi pwobab pou lekòl segondè yo founi yon tip de edikasyon lasante (73%).
- **Konfòmite a Regleman yo :** Se sèlman 18% nan lekòl yo toupatou nan distri a ki te suiv regleman sou minimòm edikasyon sante egzije a : 33% nan lekòl elemantè yo te satisfè egzijans minimòm yo, 12% nan lekòl k ap sèvi klas 6yèm jiska 8yèm ane yo te egzije de (2) trimès kou ke yon edikatè sante lisansye anseye, epi 8% nan lekòl k ap sèvi klas 9yèm jiska 12yèm ane yo te egzije 1 trimès kou ke yon edikatè sante lisansye anseye.
- Biwo Santral la kontinye ap founi sipò solid pou pwogram CHE (edikasyon sante okonplè) lekòl yo, ki gen ladan yo konsèy an pwofondè sou ansèyman pou pwofesè yo, ansanm ak divès leson, kourikoulòm (pwogram etid), ak materyèl. Ekip OHW HE a (ekip edikasyon sante Biwo Sante Okonplè a) te founi kèk leson ak resous vityèl pou pwofesè yo ak elèv yo pou kore swen pou sante fizik yo, sante sosyal yo, ak sante emosyonèl yo pandan aprantisaj aleka a.

Anviwònman Lekòl an Sante :

- BPS Sustainability (Dirabilite BPS) te antrene 400 gadyen sou kesyon dirabilite, anviwònman, sante, ak sekirite, pandan Fòmasyon Gadyen BPS anyèl yo an 2017, 2018, ak 2019. Pandan ke fòmasyon an pèsòn yo te anile an ete 2020 an akòz COVID-19 la, tout gadyen yo te toujou konplete fòmasyon zèd tan obligatwa AHERA a sou entènèt, e yo te resevwa prezantasyon "BPS Sustainability" a dekwa pou chak moun te ka jwenn aksè a li pandan yo aleka.
- 78% nan lidè lekòl yo rapòte ke yo egzamine Odit Anviwònmantal Lekòl yo a, 66% rapòte ke yo kowòdone avèk konsèy sante yo pou yo abòde divès nesosite ki prezante nan rapò a, epi se sèlman 18 lekòl ki te idantifye objektif HSE yo (Anviwònman Sanitè Lekòl yo) nan WAP yo (Plan Daksyon Byenèt yo).
- Kominikasyon Regleman "Green Cleaner Policy" a (Regleman Netwayan Òganik la) ak pwogram « Integrated Pest Management » la (IPM - Jesyon Pès Entegre) pou manm pèsònèl lekòl yo : 73% nan lidè lekòl yo te rapòte ke yo te enfòme manm pèsònèl yo sou regleman "green cleaner policy" a (regleman netwayan òganik la), ki enkli netwayan ("sanitizer") pou

Pwogram Edikasyon Timoun Piti yo, e 90% te enfòmè manm pèsònèl yo sou kòman pou yo dokimante pès yo wè yo pou amelyore Jesyon Pès Entegre a (IPM).

- Pwogram Zewo Dechè a ap dewoule nan tout lekòl yo, epi BPS Sustainability (Dirabilite BPS) ap kontinye devlope pwogram ak sipò pou lekòl yo ak distri a, dekwa pou yo kapab avanse anvwè yon pi gran dirabilite anviwònmanal.
- Divès investisman te asire pou amelyore aksè a dlo tiyo pou moun bwè nan tout lekòl yo ; Ant 2021 e 2025, 100% nan lekòl yo pral resevwa divès nivo enstalasyon k ap enstale pou la premye fwa, ak divès mizajou pou kèk sistèm ki deja an egzistans.

Lekòl ki an Sekirite e ki Soutni Elèv yo :

- Angajman solid dirijan lekòl yo nan tout distri a pou kore Aprantisaj Sosyal e Emosyonèl (SEL) elèv yo avèk èd kèk sistèm eksplisit ki miz an plas pou devlope konpetans SEL elèv yo. Genyen yon nesosite pou yon plan distri pou esplike, enpleman, e kowòdone strikti MTSS yo (Sistèm Sipò Klasman Massachusetts yo) konplètman pou soutni SEL ak sante mantal elèv yo ak manm pèsònèl yo, epi ki aliyen avèk vizyon CLSP (Pratik ki Kore Kilti ak Lang Elèv yo) ak vizyon ekite ke n genyen an.
- Se sèlman 28% nan lekòl k ap sèvi klas 6yèm jiska 12yèm ane yo ki te idantifye yon liyezon pou regleman ki konsène Elèv k ap Atann Bay Nesans a yon Bebe ak Elèv ki Paran
- Se sèlman 28% nan lekòl yo ki te rapòte ke yo te genyen omwen de (2) Liyezon pou Prevansyon Entimidasyon, yon rediksyon ki sot nan 71% pou ane skolè 2017-2018 la. Anplis, konpare ak ane skolè 2017-2028 la, kantite lekòl ki rapòte ke tout manm pèsònèl nan lekòl yo te konplete fòmasyon anyèl pou entèkansyon prevansyon kont entimidasyon an te diminye, sot nan 42% desann a 22%, pandanke pwopòsyon pami yo a ki te di ke pa genyen manm pèsònèl ki fòmè te ogmante anpil, sot nan 7% rive nan 39%.
- Pifò lekòl yo pran yon apwòch MTSS (Sistèm Sipò Klasman Massachusetts) e yo genyen yon ekip sipò pou elèv, epi distri a ap invest nan divès manm pèsònèl sèvis sipò sante mantal enpòtan nan lekòl yo.
- N ap dewoule standa SEL Transfòmatif K-12 BPS yo nan distri a, epi n ap entegre yo nan edikasyon sante, edikasyon fizik, ak edikasyon atizay.
- Rezo Resous Edikasyon San Lojman BPS ("BPS Homeless Education Resource Network") ap kontinye amelyore sistèm yo pou idantifye e soutni elèv sila yo ki san lojman e ki pa gen yon plas asire pou yo rete.
- Biwo Sèvis Sante Konpòtmantal yo te founi sèvis aleka e li te konekte elèv ak fanmi a divès sipò sante mantal aprè lekòl te fèmen an mas ; Opportunity Youth (Jèn Opòtinite) te mobilize sansabilizasyon ak sèvis sipò pou elèv ki san lojman ak fanmi ki pa gen kote estab pou yo abite pandan pandemi a.

Sèvis Sante yo :

- Prèske tout bilding lekòl yo genyen omwen 1 enfimiyè lekòl pami manm pèsònèl yo : 131 enfimiyè nan lekòl yo FTE (ekivalan aplentan), yon pwopòsyon 1:355 ant enfimiyè ak elèv, epi genyen yon ogmantasyon nan evalyasyon medikal yo.
- 77 Lekòl ki genyen elèv klas 6yèm jiska 12yèm ane te patisipe nan Pwogram Pilòt Aksè Pwodui Règ la (« Menstrual Access Pilot Program »), ki te vin posib akòz finansman inisyal ki te sot nan men Vil Boston. Nou te chwazi pwodui sa yo selon kòmantè gwoup diskisyon elèv yo. Nou te anrejistre 3.767 vizit kot enfimiyè lekòl yo pou distribisyon pwodui règ ant septanm ak mas.
- Tout lekòl segondè yo genyen Ekip Aksèsibilite a Prezèvatif (Kapòt) ki aktif
- BPS kontinye ap amelyore kapasite manm pèsònèl yo pou anboche enfimiyè nan bilding lekòl yo, epi Depatman Sèvis Sante a ap kontinye amelyore divès sistèm pou asire ke dosye medikal elèv yo ajou e ke elèv yo ap resevwa sèvis ak swen sante ke yo bezwen.
- 32 lekòl genyen yon to konfòmite vaksinasyon elèv ki mwens ke 85%, e pa genyen okenn ogmantasyon nan kantite Plan Swen Sante Patikilye yo ki konplete, ki dokimante pou elèv ki genyen divès kondisyon kwonik (kondisyon ki toujou prezan).

Byenèt Manm Pèsònèl yo :

- 97% nan dirijan lekòl yo dakò ke lekòl pa yo soutni byenèt sosyal e emosyonèl manm pèsònèl li yo nan fason ki aktif, sepandan se sèlman 53% nan lekòl yo ki rapòte ke yo ofri kèk pwogram pou ankouraje byenèt fizik, sosyal, e emosyonèl manm pèsònèl lekòl yo.
- Efò Byenèt Manm Pèsònèl yo fèt an gwo pati nan kèk kouch izole toupatou nan distri a, epitou genyen yon mankman kolaborasyon bò kote Konsèy Byenèt Distri a pou mete sou pye kèk pratik ak inisyativ pou ankouraje byenèt fizik, sosyal, e emosyonèl tout anplwaye BPS yo.

Rekòmandasyon

Pou asire ekite pou tout elèv Lekòl Piblik Boston (BPS), elèv yo dwe genyen aksè a yon anviwònman ki founi yo avèk bonjan kalite edikasyon, pwogram, ak sèvis sante ak byenèt, nou dwe kontinye enpleman regleman an toupatou nan lekòl divès distri a. Nou sijere mezi suivan yo :

1. *Amelyore kominikasyon regleman an pou lidè distri a, lekòl yo, jèn yo, ak fanmi yo :*

- a. Devlope yon plan kominikasyon jeneral pou divilge enfòmasyon sou Regleman Byenèt la pou ogmante sansibilizasyon ak konesans pami lidèchip distri a, dirijan lekòl yo, manm pèsònèl lekòl yo, elèv yo, ak fanmi yo.
 - i. Kontinye itilize kanal kominikasyon ki deja an egzistans nan distri a epi itilize kèk nouvo kanal, tank y ap vin disponib.
 - ii. Avèk lidèchip k ap chanje nan distri a, asire ke nou konprann e adopte regleman an sou tout nivo BPS yo.

- b. Dekri plizyè apwòch pou angaje paran yo ak moun k ap pran swen elèv yo, epi toujou kontinye pran kòmantè yo an konsiderasyon pou angaje pati enterese yo plis nan SWC yo (Konsèy Byenèt Lekòl yo).
2. *Ranfòse Konsèy Byenèt Lekòl yo ak soukomite yo :*
- a. Mentni divès reprezantasyon pati enterese yo kòm (antanke) manm Konsèy Byenèt Distri a (DWC), jan sa defini nan regleman an.
 - b. Amelyore fonksyonalite soukomite yo pou Konpetans Kiltirèl, Anviwònman Skolè ki an Sekrite, Sèvis Sante, ak Byenèt Manm Pèsonèl yo.
 - i. Kontinye amelyore pataj enfòmasyon ak done ant Biwo pou Rediksyon Mankman nan Opòtinite ak Reyisit la ak Konsèy Byenèt Distri a (DWC) pou aliye pi byen travay Biwo Opòtinite ak Reyisit la ap fè ak Regleman Byenèt Distri a.
 - ii. Ranfòse kolaborasyon ant Konsèy Byenèt Distri a ak efò sila yo k ap deplwaye pou amelyore byenèt ak sante òganizasyonèl manm pèsonèl yo.
 - c. Divès sistèm done amelyore pou evalyasyon enplemantasyon Regleman Byenèt la.
 - i. Pou amelyore dirabilite pwosesis evalyasyon an e amelyore enpak kolektif la, divès sistèm pou kolaborasyon ak pataj done dwe amelyore.
3. *Tout departman ak biwo ki responsab pou enplemantasyon divès domèn regleman an dwe genyen nan plan travay yo ak plan stratejik yo kèk strateji pou enplemantasyon regleman byenèt la pou amelyore aliman avèk objektif byenèt departman yo ak distri a :*
- a. Konvoke yon komite entèn avèk chèf departman yo ak chèf biwo yo pou yo reyini chak twa mwa pou diskite kèk plan stratejik ak standan, pou n mete sou pye Regleman Distri BPS la sou Afè Byenèt.
4. *Tout departman ki responsab pou enplemantasyon divès domèn regleman an dwe trete pwoblèm enplemantasyon kle suivan yo pou amelyore enplemantasyon regleman afè byenèt la nan nivo distri a ak nan nivo lekòl yo :*
- a. *Konpetans Kiltirèl :*
 - i. Ogmante reprezantasyon elèv ak fanmi nan Konsèy Byenèt Distri a (DWC) ak konsèy byenèt lokal lekòl yo epi travay ansanm avèk Gwoup Diskisyon Ekite yo ak konsey byenèt distri a ak lekòl yo pou atenn objektif ekite sante yo pou elèv yo.
 - ii. Amelyore kapasite lekòl yo pou yo kolektivman evalye strikti òganizasyonèl yo, regleman yo, ak pratik yo nan tout aspè lekòl yo pou yo wè si gen patipri, epitou egzamine anviwònman yo, pwogram etid klas yo, materyèl ansèyman yo, ak pwomosyon afè byenèt.
 - b. *Pwomosyon Manje ak Nitrisyon Lekòl :*
 - i. Ogmante pwosesis kuizin yo pou yo genyen plis repa manje ki anrapo avèk kilti elèv yo, epi mete sou pye yon pwosesis pou n resevwa komantè kontinyèl nan men elèv yo.
 - ii. Plis opòtinite pou fòmasyon nan edikasyon nitrisyon atravè Ekip Edikasyon Sante Biwo Sante ak Byenèt la (OHW)

- iii. Sevis Manje ak Nitrisyon (FNS) dwe retounen jere kontra distribitè otomatik manje yo nan lekòl yo pou asire ke manje ak brevaj ki nan distribitè otomatik yo satisfè machasuiv distri a.
 - iv. Amelyore kominikasyon e ranfòse pratik sanitè nan anviwònman manje yo ki dekri nan regleman lekòl yo ak nan biwo santral la.
- c. **Aktivite Fizik ak Edikasyon Fizik Okonplè :**
- i. Ogmantasyon lè nan orè a pou rekreyasyon pou klas mwayèn yo, ansanm ak fòmasyon, ekipman, ak resous pou ede lekòl yo jere rekreyasyon pou nivo klas sa yo.
 - ii. Amelyore òf edikasyon fizik yo (PE) pou lekòl segondè yo avèk finansman plis manm pèsònèl PE, amelyorasyon espas yo, plis ekipman, pwogram etid, ak aprantisaj pwofesyonèl.
 - iii. Amelyore kominikasyon ki pale konsènan avantaj aktivite fizik yo (PA) genyen sou konpòtman ak atansyon elèv yo, epi redui kantite lekòl k ap refize oswa k ap itilize refi aktivite fizik yo kòm pinisyon.
 - iv. Amelyore finansman ak kowòdinasyon santralize nan inisyativ "Depatman Transpòtasyon pou Wout Sekirite pou Elèv yo al Lekòl Boston" an ("Transportation Dept for Safe Routes to School Boston") pou ankouraje e soutni transpòtasyon aktif pou Lekòl Piblik Boston.
- d. **Edikasyon Sante Okonplè :**
- i. Ogmante kantite pwofesè Edikasyon Sante k ap anseye Edikasyon Sante Okonplè (CHE) nan klas 6yèm jiska 12yèm ane ak kantite pwofesè fòmè k ap anseye CHE nan klas matènèl jiska klas 5yèm ane.
 - ii. Amelyore planifikasyon kalandriye jeneral lekòl yo pou yo genyen ladan yo tan pou Edikasyon Sante.
- e. **Anviwònman Skolè an Sante :**
- i. Amelyore kominikasyon regleman HSE yo (anviwònman lekòl an sante) pou dirijan lekòl yo, epi founi plis opòtinite pou fòmasyon ak pataj enfòmasyon ant enstalasyon yo ak dirijan lekòl yo.
 - ii. Ogmante angajman lekòl yo nan efò dirabilite k ap fèt nan tout distri a.
- f. **Lekòl ki an Sekirite e ki Soutni Elèv yo :**
- i. Ogmante konesans ak konpreyansyon sou regleman konsènan Elèv k ap Atann Bay Nesans a yon Bebe ak Elèv ki Paran an (EPS) atravè fòmasyon liyezòn ak aksè fasil a resous ak enfòmasyon.
 - ii. Kontinye devlope e amelyore sipò pou elèv LGBTQ+ yo (lezbyèn, ge, biseksyèl, travesti, "queer" ak lòt idantite ankò) ak elèv ki san lojman.
 - iii. Ranfòse sipò sosyal emosyonèl pou klasman 1 atravè investisman nan devlopman pwofesyonèl SEL Transfòmativ ak konseye pedagojik (konseye nan afè ansèyman) pou ogmante sipò pou SEL adilt ak entegrasyon SEL nan afè skolè (afè akademik).

- iv. Founi fòmasyon entansif ak devlopman sipò pou nouvo manm pèsonèl sipò sante mantal yo ak liyezon fanmi yo nan lekòl yo pou ranfòse apwòch sistèm sipò plizyè klasman yo
 - v. Amelyore kowòdinasyon ak aliman ant divizyon yo ki nan biwo santral la pou ranfòse apòch MTSS (Sistèm Sipò Klasman Massachusetts) klasman 1 an atravè yon plan stratejik distri a pou SEL, ki genyen ladan l dekouvet ki sot nan dewoulman Lekòl Hub Boston yo (yon lekòl hub, se yon lekòl ki ofri plizyè sèvis bay kominote a, tankou resous ki anrapò ak moun ki san lojman).
- g. *Sèvis Sante yo :*
- i. Kontinye ogmante kapasite enfimyè lekòl yo pou yo founi sèvis sante bay elèv yo, ak kapasite Depatman Sèvis Sante yo pou ede nan kòlèk done ak devlopman pwofesyonèl enfimyè yo.
 - ii. Mete plis aksan nan lekòl yo sou konfòmite a vaksinasyon ki deja an egzistans yo.
 - iii. Ogmante fòmasyon, resous, ak sipò nou bay enfimyè lekòl yo pou founi sèvis sante seksyèl ak referans bay elèv lekòl mwayèn yo ak lekòl segondè yo.
- h. *Byenèt Manm Pèsonèl yo :*
- i. Etabli yon lidè sou nivo distri a pou byenèt manm pèsonèl yo pou kowòde yon plan pou pwomosyon byenèt dirab manm pèsonèl yo ak yon meni pou dekri sipò ke distri a ofri.